



Pou Piblikasyon Imedya: 14/01/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE INISYATIV POU RANFÒSE AK PWOMOTE
ENDISTRI AGRIKÒL NOUYÒK LA**

*Pwopozisyon yo pral sipòte endistri letye Nouyòk la, k ap bati sou investisman
rekò ane pase a*

*Sekirize chèn apwovizyonman manje lokal yo ak ranfòse sistèm alimantè lokal
Nouyòk yo*

*Elaji lojman abòdab pou travayè agrikòl yo pou ede fèm yo bay mendèv yo yon
lojman ki pi an sekirite epi an sante*

Mete Nouyòk kòm yon lidè rejyonal nan pwodiksyon fib ak erab

*Sipòte agrikilti Nouyòk pou jenerasyon k ap vini yo nan pwoteje tè agrikòl ak
ogmante edikasyon agrikilti nan lekòl Nouyòk yo*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a plizyè gwo pwopozisyon pou endistri agrikòl Nouyòk la yon boustè nan kad diskou sou Eta Leta 2025 la. Gouvènè a te devwale plan inisyativ transvèsal ki pral sipòte fèm yo, ranfòse endistri a, epi ankouraje yon avni ki pi rezistan pou Nouyòk yo.

"Endistri agrikòl Nouyòk la se kolòn vètebral ekonomi nou an, epi n ap kontinye investi nan fèm nou yo, jèn nou yo, ak avni nou pou asire ke Nouyòk rete yon fòs ki vibran ak konpetitif nan agrikilti pou anpil jenerasyon k ap vini yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Soti nan sipòte pwodiktè letye ak erab nou yo rive ranfòse sistèm manje lokal yo ak elaji edikasyon agrikòl nan lekòl nou yo, inisyativ sa yo pral pozisyon Nouyòk kòm yon lidè nan inovasyon, rezistans, ak opòtinite."

Lè Gouvènè Hochul rekonèt agrikilti kòm yon poto mitan nan ekonomi Nouyòk la, li te fè investisman rekò pou sipòte kominote agrikòl la nan eta a. Gouvènè Hochul pral kontinye bati sou pwogrè sa a avèk solisyon inovan ak investisman sible pou ranfòse endistri kle yo, sipòte ti biznis yo, amelyore dirabilite, epi kreye opòtinite ekonomik atravè eta a.

Komisè Agrikilti Eta a (State Agriculture), Richard A. Ball, te deklare, "Fèm yo nouyòk yo nouri fanmi nou yo, estimilei ekonomi nou yo, epi pwoteje peyizaj natirèl nou

yo. Tou senpleman, yon investisman nan agrikilti se yon investisman nan estil lavi nou. Mwen remèsye Gouvènè Hochul pou plan odasye li pou kontinye avanse agrikilti Nouyòk ak estrateji inovan nan domèn kle yo ki pral avanse devlopman mendèv nou yo ak objektif edikasyon agrikòl, ranfòse sistèm alimantè nou an ak efò dirabilite, epi investi nan enfrastrikti enpòtan, maketing, ak rechèch pou devlope endistri a. Kominote agrikòl nou an pwogrese anpil pandan plizyè ane travay di, epi mwen espere wè l kontinye akselere ak transfòmasyon pandan n ap aplike plan Gouvènè a pou ane k ap vini an."

Avanse dirabilite endistri letye Nouyòk la

Nouyòk se senkyèm pi gwo eta ki pwodui lèt nan nasyon an, epi agrikilti letye a reprezante mwatye nan ekonomi agrikòl Nouyòk la. Bati sou investisman 82 milyon dola ane pase a nan pwogram jesyon agrikòl la, Gouvènè Hochul ap pwopoze finansman adisyonèl pou fè rechèch ak aplike pratik ki rezistan fas ak klima nan fèm letye.

Amelyore chèn apwovizyonman manje lokal yo

Pandemi COVID-19 la te ekspozè feblès chèn apwovizyonman yo, sa ki te pètibè aksè ak manje, epi mete aksan sou bezwen pou ranfòse sistèm alimantè lokal Nouyòk la. Bati sou travay Nouyòk pou ranfòse chèn apwovizyonman ak kapasite pwosesis manje nan dènye ane yo, Gouvènè Hochul pral etabli Pwogram Sibvansyon Transòmasyon Manje ak Fib nan Ti Echèl pou alimante pi plis apwovizyonman divès pwodwi pou anpil pwogram acha lokal Nouyòk yo. Anplis de sa, yo pral kenbe avantaj Pwogram Nitrisyon Mache Fèmye Prensipal yo, epi Gouvènè Hochul pral elaji apwovizyonman Nouyòk nan fwidmè nourisan ki pwodui lokalman.

Elaji lojman abòdab pou travayè agrikòl yo

Lojman ki an sekirite ak abòdab pou travayè agrikòl yo esansyèl pou kenbe yon endistri agrikòl solid ak dirab. Pou ede fèmye yo adrese enfrastrikti ki aje yo ak estanda lojman aktyalize, Gouvènè a pral ogmante finansman pou finansman Pwogram Lojman pou Travayè Agrikòl yo pou ede fèm yo bay mendèv yo lojman ki pi an sekirite epi an sante pandan y ap kontinye atenn objektif pwodiksyon pa yo.

Mete Nouyòk kòm yon lidè rejyonal nan pwodiksyon fib

Pandan chèn apwovizyonman pou fib nasyonal la te konsolide nan lòt pati nan peyi Etazini, fèmye nòdès yo te fè fas ak baryè pou trete ak komèsyalize lèn yo ak lòt fib natirèl yo yon fason abòdab. Pou bese defi sa yo nan Nouyòk epi konekte pwodiktè Eta a ak nouvo achtè, tankou endistri mòd Nouyòk la, Gouvènè Hochul pral fè investisman enpòtan ki pral pozisyonèl Nouyòk kòm yon lidè nan pwodiksyon fib. Sa gen ladann detèmine pi bon kote ak modèl operasyon ki pi dirab pou yon sant triyaj ak agregasyon fib Nouyòk lla.

Lanse yon estrateji kwasans pou endistri erab la

Nouyòk antanke kay pi gwo sous pye erab ki eksplwatab nan nasyon an, klase dezyèm nan pwodiksyon siwo nasyonal epi li se kay plis pase 2,000 pwodiktè sik. Ane pase a, Gouvènè Hochul te siyen twa pwojè lwa nan Gran Fwa Eta Nouyòk la [pou ranfòse endistri agrikòl Nouyòk la](#), ki gen ladan yon nouvo lwa ki pèmèt yo lwe tè eta a pou

pwodiksyon sèv. Gouvènè a pral elaji plis sipò Eta a nan endistri erab Nouyòk la atravè envestisman nan maketin ak rechèch, pou ede Nouyòk vin pi gwo inovatè erab la.

Pwoteje tè agrikòl Nouyòk yo

Resansman Agrikilti 2022 a te dekri yon tandans enkyetan nan agrikilti Etazini an: mwens fèm, tè agrikòl redwi, ak tay mwayèn pou pi gwo eksplwatasyon Nouyòk ap sibi defi sa yo tou. Pandan ke eta a te reyalize yon etap enpòtan enpresyonan nan plis pase 40,468 ekta tè agrikòl pwoteje an 2023, yon kantite siyifikatif tè agrikòl Nouyòk rete san pwoteksyon.

Pou sipòte sektè agrikòl Nouyòk la pou jenerasyon kap vini yo, Gouvènè Hochul pral fè envestisman pou amelyore swivi tè agrikòl ki pèdi yo, epi ogmante kapasite nan rezo fidisi fonsyè kominotè Nouyòk la.

Elaji edikasyon agrikòl nan lekòl Nouyòk yo

Entwodwi jèn yo enpòtans agrikilti lokal yo ak sistèm manje a byen bonè se yon bagay ki enpòtan anpil pou devlope yon filyè lidè agrikòl alavni. Eta Nouyòk gen plis pase 400 pwofesè agrikòl atravè Nouyòk. Eta a ap ajoute seksyon MANRRS atravè Eta a, enkli premye seksyon jinyò nan John Bowne High School nan Queens, epi li gen prèske 200,000 elèv 4-H nan chak kwen Eta a. FFA Nouyòk la ap grandi pi vit pase nenpòt lòt eta epi kounye a ap selebre anivèsè 100 ane li yo.

Pou bati sou siksè sa yo ak plis aksè ak edikasyon agrikòl, Gouvènè Hochul pral sipòte entegrasyon edikasyon agrikòl nan kourikoulòm lekòl piblik la, pou asire elèv yo jwenn bonjan konesans ak eksperyans pratik. Nouvo finansman pou pwogram Agrikilti Nouyòk nan Salklas la ki gen siksè a pral asire ke edikatè yo gen resous ak asistans yo bezwen pou yon aplikasyon ak siksè.

Fasilite deteksyon blesi avanse pou kous Thoroughbred

Endistri cheval Nouyòk la gen yon enpak estime a 7 milya dola sou ekonomi Nouyòk la epi li sipòte yon total 52,300 djòb. Endistri kous Thoroughbred (Ras-Pi) ak Standardbred (Ras-Estanda) la se yon pati enpòtan nan sektè sa a.

Pou ede asire sante ak sekirite chwal Eta a nan kous Thoroughbred, Eta Nouyòk pral investi nan pwotokòl imajris medikal ak tè depistaj avanse ki pral fasilite deteksyon avanse blesi pou kous Thoroughbred.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)